

21 septanm 2020

Chè fanmi,

Se yon gwo plezi pou m akeyi oumenm ak pitit ou a nan ane lekòl 2020-21 an! Nou pa t kapab reyalize etap enpòtan sa a san chak grenn nan nou. Mwen rekonesan pou sipò ou ak konfyans ou genyen nan lekòl leta nou yo. Yon pakèt Nouyòkè te travay san pran souf pou reyalize objektif komen sa a: pou elèv, pwofesè, ak anplwaye lekòl nou yo retounen san danje nan salklas ak nan aprantisaj adistans.

Pa gen okenn dout nou sot pase yon sèt mwa difisil, men nou ta dwe santi nou fyè pou travay eksepsyonèl Nouyòkè fè pou konbat COVID-19. Gras avèk aksyon nou, gen anpil semèn depi pousantaj enfeksyon an ba anpil nan tout vil la. Sepandan, viris la toujou aktif nan vil la, eta a, ak peyi nou an. Nou konnen pral gen ka COVID-19 otòn sa a. Bon nouvèl la sèke nou prepare pou konbat viris sa a pandan n ap rete fidèl avèk misyon nou—asire ke tout elèv nou yo kontinye aprann ak briye.

Pou nou reyalize sa, nou mete an plas pwotokòl sante ak sekirite strik ak kreye yon Sal Sitiyasyon Repons pou COVID-19 pou direktè lekòl DOE, ki sèvi kòm yon gichè inik "one-stop shop" pou lidè lekòl ka jere tout ka COVID-19 nan lekòl yo. Lè direktè lekòl yo aprann gen posiblite yon ka COVID-19 nan lekòl yo, yo rele Sal Sitiyasyon an pou rapòte li, epi anplwaye medikal, sante piblik, ak edikasyon deja la disponib pou ede direktè yo jere sitiyasyon an. Direktè yo oswa reprezantan yo rele Sal Sitiyasyon an, ki ede jere tout bagay apati moman sa a - ki gen ladan kominike rapidman dènye enfòmasyon enpòtan pou direktè lekòl yo pataje avèk kominote lekòl yo.

Nou gen konfyans nan kapasite nou pou bay pitit ou a edikasyon an sante, san danje, avèk angajman, nan nivo kalite siperyè ou atann lan. N ap kontinye rete transparan ak kenbe w okouran. Nan lèt mizajou pou fanmi sou reouvèti lekòl sa a, mwen kontan pou pataje enfòmasyon pi resan an sou:

- Kòman pou ranpli fòm evalyasyon sante chak jou pou pitit ou,
- Ki kote pou ale pou fè tès COVID-19,
- Kòman pou rete enfòm osijè ka COVID-19 nan kominote lekòl ou a, ak
- Kisa mwayen transpò pou ale-vini lekòl sanble

Anplis, pou ede ou jwenn enfòmasyon enpòtan mwen te pataje nan dènye mizajou a, nou mete lyen rapid pou resous DOE sou:

- Mezi sante ak sekirite nan lekòl nou yo,
- Kisa ansèyman an ak aprantisaj sanble, ak
- Orè lekòl pou lekòl primè, presegondè, ak segondè

Kòm alòdinè, ou ka jwenn tout enfòmasyon sou reouvèti lekòl nan schools.nyc.gov/returntoschool2020. Si w gen lòt kesyon, tanpri kontakte direktè lekòl ou a. Ou ka jwenn enfòmasyon sou lekòl pitit ou a, ladan enfòmasyon kontak direktè lekòl la, sou sitwèb nou an avèk Jwenn yon lekòl ("Find a School") nan schoolsearch.schools.nyc.

Ou toujou tande m di mwa septanm se mwa mwen pi renmen, epi sa se laverite espesyalman ane sa a. Reouvèti Lekòl 2020 te mande yon efò ann ekip, plizyè milye èdtan travay, ak atansyon san konte sou detay pou nou te rive kote nou ye jodi a. Mwen pa ka di kijan mwen fyè avèk fanmi, elèv, edikatè nou yo, ak tout moun ki travay nan ak pou lekòl nou yo.



**Department of
Education**

Chancellor Richard A. Carranza

Pandan n ap kòmanse nouvo ane lekòl la ansanm, mwen kapab asire ou ke pi gwo sistèm lekòl nan nasyon an byen prepare epi alawotè travay la. Tanpri sonje nou la a pou ou. Pwofesè ak direktè ou yo la pou ou. Epi, ansanm, nou pral reyalize yon ane aprantisaj remakab

Avèk senserite,

A handwritten signature in black ink, appearing to read 'Richard A. Carranza'.

Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk

Mizajou pou fanmi: 21 septanm 2020

Kòman pou ranpli fòm evalyasyon sante chak jou pou pitit ou a

Kòm alòdinè, sante ak sekirite elèv, fanmi, ak estaf lekòl nou yo rete premye priyorite nou. Nou pase plizyè mwa ap prepare pou reouvri lekòl nou yo san danje; nou konnen lekòl se tankou lakay pou anpil nan nou epi yo bay sipò sosyal-emosyonèl ak aprantisaj pitit nou yo bezwen.

Nou tout gen yon wòl pou jwe nan kenbe kominote lekòl nou yo an sekirite. Nou ap mande w pou jwe wòl pa w la lè w asire pitit ou fin fè evalyasyon sante yo (ladan kontwòl tanperati) avan yo antre nan bilding lekòl yo. ***Nou ankouraje w itilize Zouti Evalyasyon Sante sou Entènèt (Online Health Screening Tool) nou an chak jou pitit ou pwograme pou patisipe nan aprantisaj an pèsòn.***

- ou ka jwenn *online health screening* lan nan healthscreening.schools.nyc. Lè ou fè tès evalyasyon an lakay ou, oumenm oswa pitit ou jis bezwen bay rezilta tès evalyasyon an swa lè ou montre imèl la sou yon smartphone oswa fèy enprime gi gen rezilta yo avan ou antre nan bilding lekòl la. Tout elèv ap resevwa yon tèmòmèt oral nan premye semèn aprantisaj anpèsòn lan si yo bezwen youn pou tcheke tanperati yo.
- Si oumenm oswa pitit ou a pa kapab fè evalyasyon an avèk zouti sou entènèt la, ou ka itilize Kesyonè Evalyasyon Sante sou Papyè a epi fè pitit ou a pote fòm lan ranpli nan lekòl la, epi montre li lè l ap antre bilding lan. Lekòl ou a ap ba w kopi enprime pou ou ka ranpli kesyonè a lakay ou.
- Si oumenm oswa pitit ou bliye oswa ou pa kapab fè evalyasyon an, yon moun ap disponib nan antre lekòl ou a pou ede pitit ou a ranpli fòm lan ak tcheke tanperati pitit ou a.
- Pou nou kapab kenbe tout moun an sante ak ralanti pwopagasyon COVID-19 la, elèv p ap kapab ale nan klas an pèsòn si yo:
 - Te fè eksperyans nenpòt sentòm COVID-19, tankou lafyèb ki nan 100.0 degre F oswa pi wo, fèk gen yon tous, pa ka pran gou oswa pa ka pran sant, oswa souf kout nan 10 jou ki sot pase yo.
 - Resevwa yon rezilta pozitif nan yon tès COVID-19 ki teste krache oswa itilize yon prelevman nen oswa gòj (pa yon tès san) nan 10 jou ki sot pase yo;
 - An kontak pwòch (nan espas 6 pye pou omwen 10 minit) avèk nenpòt moun ki teste pozitif pou COVID-19 oswa ki gen oswa ki te gen sentòm COVID-19 nan 14 jou ki sot pase yo; oswa
 - Te vwayaje sou plan entènasyonal oswa nan yon eta ki gen transmisyon kominotè COVID-19 jeneralize dapre [Avi Eta Nouyòk pou Vwayajè](#) a nan espas 14 jou ki sot pase yo

Kòm alòdinè, tanpri kenbe pitit ou a lakay ou si li malad.

Ki kote pou ale pou fè tès COVID-19

Li depann sou noutout pou kenbe kominote lekòl nou an ak fanmi yo ansekirite lè nou mete yon bagay pou kouvri figi nou, kenbe distans fizik nou, lave men nou souvan ak fè tès COVID-19 la.

- Ede nou kenbe bilding lekòl nou yo ouvri ak kominote lekòl la ansante lè w al fè tès COVID-19 la. Li pa prezante okenn danje, li gratis, ak fasil pou tout moun, kèlkeswa kondisyon imigrasyon oswa asirans ou. Pou jwenn yon adrès pou fè tès la bò lakay ou ale sou nyc.gov/covidtest.
- Elèv ki nan klas 3K jiska klas douzyèm ane ka gen priyorite pou fè tès nan 22 lokal Health + Hospitals pandan tout ane lekòl la. Pou jwenn yon adrès pou fè tès la bò lakay ou ale sou schools.nyc.gov/covidtesting.
- Apati kòmansman mwa oktòb, nou pral kòmanse teste yon echantyon elèv ak estaf oaza nan chak lekòl. Sa enpòtan anpil pou kenbe fanmi w ak kominote lekòl ou a an sante ak an sekirite. Nou pral pataje pi plis enfòmasyon ak yon lyen nan pou yon fòm konsantman paran/responsab nan pwochen mizajou n ap fè pou fanmi yo.

Kòman pou rete enfòm osijè ka COVID-19 nan kominote lekòl ou a

Li enpòtan pou lekòl ou a kapab kontakte w pou mete w okouran rapidman sou enfòmasyon esansyèl pou w konnen, ladan ka COVID-19 yo konfime nan lekòl pitit ou a. Tanpri anrejistre pou yon Kont lekòl Vil Nouyòk (New York City Schools Account, NYCSA) pou nou ka kontakte w pa telefòn, pa imèl oswa pa mesaj tèks.

- Avèk Kont NYCSA a, ou ka gen aksè nan nòt, orè, enfòmasyon sou mwayen transpò pitit ou a, ak plis toujou—kèlkeswa kote ou ye a, ak nan nèf lang DOE tradui yo.
- Pou ou kapab wè dosye pitit ou a, mande lekòl ou a yon Kòd pou kreye yon kont. Mwen ankouraje w pou kenbe enfòmasyon sou jan pou yo kontakte w ajou, pou lekòl ou a kapab jwenn ou si ta gen yon ijans.
- Si w pa gen yon kont, anrejistre pou youn jodia nan schools.nyc.gov/nycsa. Li pran senk minit sèlman!

Kisa mwayen transpò pou ale-vini lekòl pral sanble

Kit elèv fè trajè nan otobis, nan transpò piblik, oswa nan lòt mwayen, yo dwe mete mask ak pratike distans sosyal, menm jan yo pral fè nan lekòl yo ak toupatou alantou lekòl yo. Men kèk detay sou diferan mòd transpò:

Transpò nan otobis

Dapre rekòmasyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC), otobis ki ap transpòte elèv yo ap limite a 25 pousan kapasite yo pou asire distans sosyal san danje. Plas nan otobis la ap make klèman pou gide elèv yo kote yo ka chita ak kote yo pa ka chita.

- Si elèv pa gen bagay kouvri figi li, chofè otobis la ap bay youn. Chofè ak matwòn yo ap gen bagay kouvri figi yo tou ansanm ak gan. Avan manm fanmi voye timoun yo nan yon otobis, yo sipoze fè evalyasyon sante timoun yo lakay yo, tankou pran tanperati yo, pou asire yo pote yo byen ase pou monte nan yon otobis ak ale lekòl.
- Otobis yo ap fonksyone avèk fenèt yo ouvri depi sa posib ak lè a ap nan mòd ki pa resikle.

- Lè yo rive nan yon destinasyon kote pasaje yo ap desann otobis la, y ap mande elèv pou sòti ranje-panje alafwa pou kenbe yon distans sosyal san danje.
- Chak swa, y ap netwaye ak dezenfekte tout machin transpò lekòl yo dapre pwotokòl CDC.

Transpò piblik ak lòt altènatif

Lekòl yo ap ofri MetroCard gratis pou elèv ak fanmi ki nan aprantisaj miks pou fè trajè ale-retou lekòl.

- Lè elèv ap itilize transpò piblik, yo pral atann pou yo suiv menm distans sosyal ak pwotokòl kouvri figi tankou tout Nouyòkè.
- MTA make tout estasyon yo avèk konsèy sou distans sosyal epi li ofri mask gratis nan estasyon atravè vil la. Anplis, NYPD pase nan estasyon yo ak nan moso tren yo souvan pou ranfòse distans sosyal ak pou moun mete mask. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwosedi MTA, ale nan mta.info/coronavirus.

Kote pou jwenn enfòmasyon sou:

Mezi sante ak sekirite nan lekòl

Pou jwenn plis enfòmasyon sou vantilasyon ak lòt mezi sekirite bilding, aprantisaj nan lakou, sèvis manje nan lekòl, tès ak tras pwopagasyon, ak mezi sante pèsònèl tout lekòl ap pran pou kenbe pitit ou a san danje, ale sou schools.nyc.gov/RTShealthsafety.

Kisa ansèyman ak aprantisaj sanble ane sa a

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sipò pou aprantisaj miks, aprantisaj sosyal-emosyonèl ak sante mantal, sipò pou elèv k ap aprann nan plizyè lang / elèv k ap aprann lang anglè, elèv ki gen andikap, elèv ki nan lojman tanporè ak foster care, elèv ki gen laj 21 ane oswa plis, ak elèv ki nan pwogram debitan, ale nan schools.nyc.gov/RTSteachinglearning.

Orè lekòl pou lekòl primè, presegondè, ak segondè

Pou jwenn plis enfòmasyon sou modèl pwogramasyon, orè frè ak sè, ak sa k ap pase lè elèv vin lekòl nan move jou a pandan aprantisaj miks la, ale nan schools.nyc.gov/RTSchedules.